

1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 3, 201-300

EKRI

Lekti ak ekriti mache men nan men. Toulede reprezante yon lang moun pale epi kominike enfòmasyon. Timoun ou yo kapab aprann kapasite pou li-anvan lè yo patisipe nan aktivite alekri tankou majigridi, fè desen epi ekri lèt yo. Kenbe papye ak kreyon oubyen plim pou make sou yon tab kote timoun yo pa gen aksè.


Liv ki Sipòte Ekriti:

- Liv ki bay fòm ekriti.
- Liv ak lèt ki ekri "alaman"
- Liv alfabè yo



Tòti nan lanmè

Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 300 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Fè desen epi rakonte. Mande pitit ou a pou fè desen yon foto epi esplike ou desen li fè a. Make imaj la al mo ki enpòtan oubyen ekri deskripsyon yo anba imaj la. Sa ede kapasite oral yo pou lang nan epi devlope vokabilè.

Trase non ou yo. Itilize sann, farin oubyen krèm pou raze pou trase non yo, fòm yo ak nimewo yo epi lèt yo. Sa sipòte konsyans pou li ekriti epi konpreyansyon mo yo ak siyifikasyon yo.

Kreye yon lis bagay pou achte nan makèt. Mande timoun ou an pou l fè yon lis bagay pou achte nan makèt. Sa kapab sanble ak liy epi majigridi. Mande yo pou tcheke atik ki nan lis la pandan w ap mete yo nan panye a. Sa ede sipòte devlopman vokabilè epi konesans sou anviwònman timoun ou an ap viv ladan l la.

Konte sou dwèt ou yo. Ranfòse mis yo bezwen pou ekri yo nan ede timoun ou an konte sou dwèt li. Li yon liv pou konte ansanm epi ede yo si yo pa kapab leve dwèt yo poukont yo. Lòt aktivite ki ka ede devlope bèl kapasite motris ki enkli pentire kolye, Pledo (play-doh) epi kidan (Q-tip).

Jwèt ak adezif. Make gwo lèt atè a ak tep adezif. Trace chak lèt pandan w ap mache sou li oubyen fè yon ti machin jwèt pase akote lèt la. Aktivite sa sipòte konesans lèt yo.

Konsèy pou lè ou okipe: Kenbe yon ti sachè plastik a zip yo ak kèk kreyon epi yon kaye nan valiz ou epi mande timoun ou pou fè desen kisa li wè kote yo chita sou chèz ki deyè machin nan oubyen chèz woulan pou ti bebe lè ou soti ak yo. Sa pap sèlman kenbe timoun ou an okipe, se yon gwo souvni epi yon plezi pou swiv devlopman yo!

5 liv prefere m yo:

